



ESPESYAL KONKOU


- 1** Zanmi nou, rele gratis ticheri nan nimewo 177 pou w reponn tikesyon sa yo :
- Poukisa nimewo *300 an la ?
 - Eske se vre kolera se yon maladi tankou tout lòt maladi ?
 - Kisa nou dwe fè prese prese pou yon moun ki gen dyare epi k ap vomi ?
 - Eske se tout bon akwatab ak kloroks se pou trete dlo, se pa pou bwè yo ye ?
 - Eske se vre kolera pa yon maladi ki atrapan ?

- 2** Zanmi, jwenn objè sa yo pam i maj ki nan istwa w sot li a
- ✓ Yon pakè akwatab.
 - ✓ Yon savon.
 - ✓ Yon sachè sewòm oral.
 - ✓ kloroks, Klò, oubyen yon boutè Jif



OIM soti ti jounal sa a pou tande epi komunikasyon avek popilasyon ayisyen
Pwofite fè yo tande vwa w. Rele ou byen voye SMS nan : 177

Nimewo 4 - avril 2011



Enfòmasyon enpòtan

Sant komunikasyon : * 300

Anbilans :

-Transpò malad : 3482-7636 / 3851-5331

-Transpò kadav : 3879-9177

Pou w ka aprann pwoteje tèt ou, zanmi w ak fanmi w kont katastwòf natirèl, koute chak jou sou plizyè radyo kominotè, sou RADYO GINEN (92.9) ak RADYO BOUKMAN (95.9)

Emisyon

CHIMEN LAKAY



Pote kole pou dechouke kolera, se pa yon maladi ki atrapan...

Moun ki travay nan ti jounal sila



Chief redaktè
Antoine Hubert Louis

Redaktè / korektè
Elisabeth D. Labranche

Redaktè / Responsab distribisyon
Yves Junior Édouard

Desen ak grafik
Chevelin (chevelin@yahoo.fr)

EDITORIAL

Kolera (2)

Mezanmi, youn di lòt : kolera se yon maladi natirèl menmjan ak lafèyè, grip, tèt fémal elatris. Se pa fetich ni kout poud ki bay li. Se kay dokte pou n mennen moun nou sispek ki trape kolera. Menmjan nou di se pa goudougoudou k touye moun se beton k mal forte k touye moun, se pa kolera li menm ki pote moun yo ale. Se dlo moun nan pèdi a ki lakòz li mouri trapde.

Si fanmi, vwazen osnon zanmi yon moun ki trape kolera pran bonè, moun sa ap geri byen fasil. Sa vle di, depi yon moun gen dyare, ba li sewòm oral prese epi mennen l nan sant ki prè lakay li a. Malad la pa ta dwe rete plis pase 2 jou nan « Sant Tretman Kolera (CTC) » pote yo mennen l al pran swen an.

Se yon timikwòb touzwit moun ki li nan tilèt fen rele vibriyo-kolere li bay maladi kolera a. Se sèl si yon moun fè negljans mete men l, oubyen nenpòt lòt bagay sal nan bouch li, li ka trape kolera. Kidonk, se sèl nan bouch moun pran kolera.

Se yon devwa pou youn ede lòt paske, lè yon moun trape kolera, li santi l fèb epi l gen domi nan je. Si yon moun ki gen dyare ak vorismian ap fè enkredil, si li pa vle bwè sewòm oral epi ale nan Sant tretman kolera ki piprè a, se pou n fose.


Pa gen okenn danje pou n manyen epi pote konkou bay yon moun ki trape kolera. Senpan, toujou byen lave men nou ak savon ak dlo ki trete ak akwatab, kòb oubyen klowòks. Toujou byen lave tout fwi ak legim epi byen kuit tout sa n ap manje. Gen twa bagay kolera pa vle wè tankou : ijyèn, chalè, klowòks oubyen akwatab. Depi l wè twa bagay sa yo, kolera kraze rak.

Mezanmi, gen Sant pou trete kolera (CTC) nan tout 10 departman peyi a. Si w pa konnen ki kote yo ye, relè nan nimewo *300 pou w ka jwenn bonjan enfòmasyon. Si moun nan pa twò grav nou ka kouri avè l nan Sant Reyidratasyon oral (CRO). Sant sa yo la pou bay moun ki pran kolera non premye siyòp avan yo ale lopital.


(CRO) yo ap rehydrate moun k ap pedi dlo epi relè lakwa wouj pou mennen yo nan Yon (CTC). Pou yo seten moun ki rive nan « Sant rehydrateasyon oral » yo se kolera yo genyen tout bon vre, yo fè yon ti obseve yo pandan yon dezefan nan sant la. Si se kolera moun sa a trape tout bon vre, yo relè Lakawauj vin chèche.

Se pa kout poud ki bay kolera. Se yon maladi tankou tout maladi nòmal. Moun k ap trete dlo ak kòb, akwatab oubyen klowòks yo, se pa pwazonnen yo ap pwazonnen diyo. Se kolera yo ap ede n kwape.

Pa blye, mikwòb kolera a pè twa bagay : chalè, ciklowòks (jif oubyen akwatab) ak bonjan pwòpje.




1 Si yon moun ou trape kolera, ou pa bezwen sezi ni panike. Se vre kolera malouk anpil, men, depi nou pran bonè, li ka trete nan detantwamouvman !



2 Gade imaj ki agoch fraz w ap li a byen pou w ka konnen kijan pou w prepare sewòm oral pou yon moun ki trape kolera. Pran twa ti boutèy kola menm gwosè ak sa w wè nan imaj la. Ranpli yo ak dlo ki trete ak akwatab, jif oubyen 5 gout klowòks. Vide dlo sa a nan yon vesò ki byen lave ak dlo ki trete, epi mete yon sachè sewòm oral nan dlo a.



3 Si w pa gen sachè sewòm oral, mete twa gwo kiye sik ak yon tipense sèl nan dlo a, ba malad la bwè l epi mennen l lopital prese prese.



4 Si w fè tout sa nou di w yo, ou ap sove lavi tout moun ou renmen epi k renmen w. Kolera pa atrapan, epi l fasil pou trete si nou aji ak ladrès ak devouman. Si nou tout pote kole, n ap rive dechouke kolera.

PALE, POU ZÒT PA PALE POU OU !

Yon bon sitwayen/sitwayèn, se yon moun ki gen bonjan enfòmasyon sou zafè peyi l. Se yon moun ki pa dakò zòt pale pou li. Li konprann menmou nou pa dakò sou tout bagay nou tout gen dwa pale san n pa joure youn lòt. Se sa demokrasi vle di. « Demokrasi se maryaj dwa ak devwa », menmjan Kokòt ak Figawo.

Boutofen, si w derefize pale, se zòt kap toujou pale pou ou. La lwa rele sa « Libète pou chak moun di sa yo panse, sa yo renmen oubyen pa renmen, sa yo santi, sa yo vle osnon pa vle. Men sa pou w fè pou w pale pou ou epi pale pou zòt... »

1) Rele nan *300 pou mande bonjan enfòmasyon sou maladi kolera a.

2) Voye yon sms gratis ticheri sou 177 nan sant Noula pou w di kijan kan kote w ye a ap viv. Pa janm bliye di nan ki komin, nan ki ri epi nan ki kan oubyen katye w ap viv.

3) Yon bon sitwayen dwe nan yon gwoup, komite ak òganizasyon katye kote yo reyini epi pataje bonjan enfòmasyon yo chak genyen sou divès kalte koze. Fòk nou mete tèt nou ansanm pou n reflechi sou pwoblèm kominote nou yo genyen epi chache solysyon dirab nan bonjan tèt kole. « Men anpil, chay pa lou ! »



4) Radyo kominotè yo se vwa populasyon lokal yo. Objektif yo se ede lokalite yo konprann anviwonnanman yo pibyen, yon fason pou moun yo kapab pran bonjan desizyon pou zòn yo. Ou gen devwa ede lòt moun konprann anviwonnanman yo tou. Chak fwa w aji konsa, ou jwe wòl yon « Jounalis kominotè » !

5) Toujou ekri lèt pou w mete nan tibwat ki nan kyòs yo. Si w pa ka ekri, mande yon moun ekri pou ou.

6) Si w gen bon lide ou anvi pataje ak tout moun ki nan lokalite ou a, pou w ka fè sa, monte yon asosyasyon, anime yon gwoup, tapisipe nan yon komite oubyen òganizasyon katye k nan zòn ou ye a. Si w vle pale ak plis moun toujou, ou ka ale nan yon radyo kominotè pou w mande pale.

7) Vizite epi fè kòmantè sou citizenhaiti.org oubyen sou twitter : #citizenhaiti epi Facebook.com : sitwayenayiti.



MWEN SALYE NOU NAN NON RONDYE KI GEN TOUT POUVINA A.

MESYEDAM KI RESPONSAB YO, NOU MENM NAN KAN RATIMA MWEN MANDE NOU YON TIKOUT MENM NAN NON KAN RATIMA. NOU PA JAN M JWE ANYEN, SOF KE SE TI DLO SELMAN YO BAN NOU. NAN NON PA MINEN, MWEN MANDE NOU YON TI ÈD YON LÖT FWA ANKÖ, MWEN GEN 2 PITIT, FANMI YO TE MOURI NAN TRAMBLEANN TÈ A. SE MWEN SÈL RONDYE TE BAY LAVI, MWEN DI L MÈSI POU SA.

NOU ANBA PRELA, MAYENGWEN, ANNIPYE, KRİKET AK KOKORAT AP PLEDE MÖDE NOU NAN KAN RATIMA. ALAFENDÈFEN, MWEN TA RENMEN NOU BA MWEN YON TI TRAVAY.

MÈSI

MACULÈNE B.

Jedi 10 fevriye 2011,
Frèm sè m nan OIM,
Kouman nou ye ? Mwen menm mwén pa pi byen ni pi anko. [...] Depi jiye lane pase, lè yo t ap leve moun Sesès nou ka swa ranje kaj mwén ki kraze a osnon fe yon ti chètè sou tè m nan pou mwén. Mwen rete Tabu 27, mwén gen 50 lane, mwén domaje nan pye, mwén pa ka travay anko. Vyé kay la ap kraze plis chak joli, mwén fè foto yo voye pou nou, aòs ; se nou ki va deside kile, koman n a vini fè ti-chètè a pou mwén sou tè m nan.

Mwen prive nou angras, mwen pa ka mounye anko non lapli anba tèl koulie, ni kontinje vir ak kè sòte anba blèk kraze sa yo ki ka tonbe sou mwén nenpòt lè. Mwen voye fèt foto kay la ak mwén karpe devan li ak kopè kad OIM te ban mwén an. M ap tann respons nou, m konte sou nou.

Se nou kat ki ap viv nan kay la, mwén menm, 2 piècèt

MÈSI

